# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दीपावली पर देसवासियन के नांव लिखल एगो चिट्ठी में कहलें कि भारत दुनिया क तिसरकी बड़हन अर्थव्यवस्था बनले के राहि पर बा। एगो रिपोर्ट–

***प्रधानमंत्री ने कहा है कि भारत ऐसे समय में स्थिरता और संवेदनशीलता का प्रतीक बनकर उभरा है, जब दुनिया कई संकटों से गुजर रही है। विश्व की तीसरी अर्थव्यवस्था बनने की यात्रा में, प्रधानमंत्री ने लोगों से राष्ट्र के प्रति अपने कर्तव्यों का पालन करने की अपील की। उन्होंने कहा कि यह दीपावली इसलिए विशेष है, क्योंकि पहली बार देश के उन दूर–दराज इलाकों सहित कई जिलों में भी उत्सव का महौल है, जहां कभी नक्सलवाद और माओवादी आतंक हुआ करता था। प्रधानमंत्री मोदी ने कहा कि ऑपरेशन सिंदूर के दौरान, भारत ने न केवल धर्म का पालन किया, बल्कि अन्याय का बदला भी लिया। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

आजु पुलिस स्मृति दिवस मनावल जा रहल बा। बरिस ओन्नइस सौ ओन्सठ में येही दिन्ने लद्दाख के हॉट स्प्रिंग्स में हथियार से लैस चीनी सैनिकन के ओरि से घात लगा के कइल गइल हमला में दस पुलिसकरमी अपने प्राण क आहुति दिहले रहलें। तब से हर सालि एक्कइस अक्टूबर के पुलिस स्मृति दिवस के रूप में मनावल जाला। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आ प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पुलिसकरमियन क सर्वोच्च बलिदान के इयादि कइलें।

मुख्यमंत्री लखनऊ क रिजर्व पुलिस लाइन्स में आयोजित पुलिस स्मृति दिवस कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि उत्तर प्रदेस पुलिस न्याय सुनिस्चित करे बदे हर स्तर पर मजबूती के साथे कार कइ रहलि हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस पुलिस के इंफ्रास्ट्रक्चरो बदे कई गो कदम उठावल गइल बा।

***विभिन्न जनपदों में एक सौ तीस थानों, सात महिला थानों, नब्बे पुलिस चौकियों सहित अयोध्या, मिर्जापुर, चंदौली और सिद्धार्थनगर में चार जलपुलिस चौकियों को भी स्वीकृति प्रदान की गई। पचहत्तर जनपदों में अठहत्तर महिला पुलिस चौकी परामर्श केन्द्र, प्रत्येक जनपद में एक एक विद्युत पुलिस थाना भी स्वीकृत किया गया। दस सतर्कता अधिष्ठान थानों, चार आर्थिक अपराध इकाई पुलिस थानों, चालीस एंटी ह्यूमन ट्रैफिकिंग यूनिट थानों, पचहत्तर साइबर क्राइम थानों और छह एंटी नार्कोटिक्स टास्क फोर्स थानों, परिक्षेत्र स्तर पर आठ भ्रष्टाचार निवारण संगठन क यूनिट की स्थापना को भी स्वीकृति निर्गत की गई है।***

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस में कानून व्यवस्था के मजबूत कइ के लोगिन में सुरक्षा क भावना पैदा कइल आ अपरधिकयन में कानून क भय पैदा कइल सरकार क प्रमुख नीति हौ।

पुलिस स्मृति दिवस पर प्रदेस के वाराणसी, बलिया, जौनपुर, मऊ आ कुशीनगर के सथहीं कई जिलन में वरिष्ठ अधिकारियन के मौजूदगी में अलगि–अलगि आयोजन भइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में प्रदेस सरकार की ओरि से पंजाब के बाढ़ि परभावित किसानन के बीज सहायता से जुड़ल गाड़ियन के फ्लैग–ऑफ कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के अपने सम्बोधन में कहलीं कि प्रदेस सरकार की ओरि से एक हजार कुंटल गोहूं क बीया पंजाब खातिर रवाना कइल गइल। मुख्यमंत्री खाद्यान्न आत्मनिरभरता क चरचा करत कहलें कि देस कै खाद्यान्न आत्मनिरभरता में उत्तर प्रदेस आजु खास भूमिका निभा रहल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से घोसित जीएसटी बचत उत्सव समाज के हर वर्ग के लाभ दे रहल बा। ऑटो मोबाइल क्षेत्र के मजबूत बनवले में जीएसटी सुधारन के परभाव के ले के प्रस्तुत हौ एगो रिपोर्ट–

***नया कर ढांचा में अट्ठारह सौ सीसी से कम इंजन क्षमता वाला ट्रैक्टर पर पांच फीसदी अउर अठारह सौ सीसी से बेसी इंजन क्षमता वाला ट्रैक्टर पर अठारह फीसदी कर लागत बा। सथहीं ट्रैक्टर के बनवले में इस्तेमाल होखे वाला पार्ट–पुर्जा जइसे टायर आ गेयरो पर पांच फीसदी कर लागत बा। बस, ट्रक अउर डिलीवरी वैन के सथहीं वाणिज्यिक माल गाड़ियनों पर लागे वाला वस्तु अउर सेवा कर के अठारह फीसदी कइ दीहल गइल हौ। सरकार मोटर कार आ बाइक के बनावे में इस्तेमाल होखे वाला पाट–पुर्जा पर कर अठारह फीसदी कइ दीहल गइल बा। ओहीं बाइक आ छोटहन कार पर कर के दर में दस फीसदी क कमी कइल गइल हौ। आकाशवाणी दिल्ली से रिशु आ दृष्टि पुनयानी के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आवे वाला छब्बीस अक्टूबर के आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में देस–बिदेस के लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। लोगि कार्यक्रम से जुड़ल आपन सुझाव टोल फ्री नम्बर एक आठ सुन्न सुन्न एक एक सात आठ सुन्न सुन्न पर साझा कइ सके लें। एकरे अलावा माई जीओवी इंडिया ओपन फोरम के जरियो से ऑनलाइन सुझाव साझा कइल जा सके ला।

**********

मौसम विभाग आवे वाला चउबीस घंटा में अधिकतम तापमान में मामूली बढ़ोत्तरी के बाद एहमें धीरे–धीरे गिरावट क सम्भावना जतवले हौ।

**********